



Konsèy pou Prevansyon kont Wonjè

- Kenbe aptaman pwòp
- Bouche tout twou ozalantou tiyo, kannalchofaj ak anba plaka.
- Netwaye regilyèman tout zòn ki cache anba fou ak frijidè.
- Kenbe lakou pwòp, koupe zèb.
- Mete fatra nan veso an metal oswa gwo plastik avèk kouvèti ki byen kouvri yo.
- Retire tout raje ak debri ki toupre bilding ak nan lakou.
- Pa kite manje bèt domestik deyò.
- Anboche yon konpayi kontwòl bèt nuizib ki gen asirans e eksperyans nan teknik IPM (Integrated Pest Management) (Lit Entegre kont Parazit).
- Kenbe zèb ak ti pyebwa yo byen taye.
- Mete manje zwazo nan atik pou nourri zwazo, pa mete yo atè, netwaye manje ki tonbe yo chak jou.
- Netwaye dechè bèt souvan!
- Asire w bouche nenpòt ouvèti nan kay la, menmsi yo pi wo pase nivo atè a.
- Repare kenennpòt twou ki nan kannal egou ki konekte kay ou ak sistèm egou prensipal la.

Èske w konnen?



Rat Nòvèj (*Rattus Norvegicus*) se rat ou rankontre pi souvan nan Rejyon Nòdès la.

Rat sa yo lou, yo ka mawon klè jiska prèske nwa.

Poupou yo gen fòm kapsil, ak longè apeprè twaka pous.

Anjeneral rat yo viv yon ane, e pandan tan sa yo ka fè sis a douz “pitit” pa pòte, jiska sèt fwa nan yon ane.

Rat yo sere nan twou anba tè, anba bilding ak fatra; anjeneral yo viv nan distans 150 pye de manje ak dlo.

Rat bezwen apeprè yon ons manje pa jou ak demi ons dlo. Dabitid, yo manje manje yo konnen, yo prefere vyann ak sereyal, epi yo pridan ak nouvo bagay oswa nouvo manje.

Rat ka sote anlè jiska twa pye epi yo grenpe trè byen sou fil kouran ak tiyo. Mete nan pòt ak fenèt yo tuil ki fèt an twal metalik demi pous.

Sèvis Enspeksyon nan Boston Divizyon Sèvis Anviwònman

1010 Massachusetts Avenue, 4th Floor
Boston, MA 02118
Tel.: 617-961-3422
Faks: 617-635-5388

<http://www.cityofboston.gov/isd/esan/>

Haitian Creole

Divizyon Sèvis Anviwònman

TILIV JESYON BÈT NUIZIB



*Rekoni nan tout peyi a kòm lidè ki
okipe Kontwòl Wonjè nan
Anviwònman Lavil*

Majistra
Thomas M. Menino
Vil Boston


Divizyon Anviwònman nan Vil Boston Opere dapre Senk Prensip Debaz:

- Edikasyon Piblik,
- Amelyore Pratik Sanità,
- Inisyativ Prevansyon olye reyaksyon
- Repons Rapid
- Aplikasyon lalwa

Metòd sa a gen ladan Edikasyon, Aplikasyon lalwa, Netwayaj ak Rodantisid.

Fonksyon Divizyon Sèvis Anviwonman yo se:

- Reponn rapidman pou plent kont wonjè ak fatra
- Pèlen ak zatrap dijans pou wonjè,
- Siveye epi trete aktivite wonjè sou pwopriyete vil la,
- Egzamine plan konstriksyon yo ak espesifikasyon pou kontwòl wonjè.
- Enspekte ak siveye aktivite wonjè sou tout konstriksyon ki otorize nan vil Boston,
- Fè respekte Kòd Sanità Eta a
- Fè respekte Pwòpte nan zòn konstriksyon



Dokimante lè yo wè Wonjè

Sito li resevwa yon plent, Enspektè Ijyèn nan ap fè yon enspeksyon konplè detaye nan pwopriyete a ak zòn ki afekte a. Pandan tan sa a enspektè a pral eseye idantifye sous manje a ak zòn egzak anwayisman ak aktivite a.

Kisa Rodantisid yo ye?

Rodantisid yo se mekanis zatrap yo itilize pou touye rat, sourit ak nenpòt lòt wonjè. Pesticid vini nan vèsyon bdiferan tankou:

Likid, ti grenn, pousyè ak blòk ke yon operatè ki gen lisans pou kontwòl bèt nuizib sèlman kapab achte.

Ki kote yo mete rodantisid yo?

Yo mete pifò rodantisid yo nan sifas anba, sitou kote gen gwo aktivite tankou: twou rat, sistèm egou, zòn konstriksyon, chemen piblik, e yo kouvri yo byen.

Pèlen

Yo mete pèlen pandan tout ane a, sitou pandan chanjman sezon ke yo rele “sezon repwodiksyon.”

Yo mete pèlen yo anjeneral sou pwopriyete piblik tankou: pak, lari ak chemen piblik.

Lit Entegre kont Parazit (Integrated Pest Management) (IPM)

Yon pwogram IPM itilize tout metòd ki bon pou kenbe popilasyon vèmin yo anba limit dega ekonomik. Metòd yo enkli pratik kiltirèl, itilizasyon resous byolojik, fizik ak jenetik kontwole, e itilizasyon pesticid ki byen chwazi.

Zòn Konstrikasyon

Annakò avèk Kòd Konstrikasyon nan Massachusetts, seksyon 108.6; Kòd Sanità Eta Massachusetts, Ch. 1, 105CMR 400.100 ak Ch. II, 105CMR 410.550 ak Kòd Vil Boston, Règleman Chapit 16-Seksyon 31 ak Ch. 9, Seksyon 1.2, li etabli ke kontwòl anwayisman wonjè se yon kondisyon anvan pou bay yon pèmi konstrikasyon pou fè travay.

Règleman Kòd Vil Boston

16-31 pou Mezi prevansyon ak Enspeksyon wonjè nan Zòn Konstrikasyon deklare:

Yo pa dwe bay pèmi konstrikasyon pou renovasyon, transfòmasyon, oswa nouvo konstrikasyon jiskaske aplikan an bay prèv ki montre yo te trete

pwopriyete yo, oswa yo pa gen ensèk ak wonjè konfòmman ak tout kòd aplikab. Antreprenè/aplikan an dwe responsab pou pran mezi pou pote koreksyon, si travay konstrikasyon, renovasyon oswa transfòmasyon an ta lakòz anwayisman vèmin nan pwopriyete ki akote yo.

Vyolasyon

Si yo jwenn anwayisman oswa aktivite, y ap ekri e voye yon avi pou siprime nuizans ba pwopriyete oswa manadjè pwopriyete a. Y ap fè yon enspeksyon konfòmite anvan 7-10 jou ouvrab fin pase apre enspeksyon okòmansman an.

Odyans

Si yo pa korije vyolasyon an(yo), y ap ba pwopriyete oswa manadjè pwopriyete a yon avi pou konparèt nan yon Odyans Administratif.

Yon Fonsyonè Odyans dirije odyans yo, epi nan moman an, Enspektè a pral bay temwayaj sou eta pwopriyete a, vyolasyon yo site yo ak dat e lè re-enspeksyon an.

Y ap ba pwopriyete/manadjè a okazyon pou bay temwayaj sou eta pwopriyete a, sa ki te fèt oswa sa ki pral fèt pou fè pwopriyete a konfòm ak règleman. Fonsyonè Odyans la ap pran tout temwayaj an konsiderasyon epi rann desizyon li nan lespas 7-10 jou ouvrab. Tout Odyans yo fèt nan 1010 Mass Ave. 4th Floor Conference Room, Boston, MA.

